



Pou Piblikasyon Imedya: 05/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU REFÒM NAN ZAFÈ LWAYE A

"Nou rapidman ap rive nan fen sesyon lejislatif la epi gen yon kantite kesyon enpòtan kote pwogrè poko fèt. Menm si gen anpil diskisyon ak negosyasyon k ap fèt, klate gen yon kokennchenn enpòtans nan pwen sa a. Refòm nan zafè lwaye a se youn nan priyorite ki pi enpòtan yo. L ap ekspire nan 10 jou. Asanble a pibliye nèt pwojè lwa sou refòm nan zafè lwaye. Sena a te di yè yo gen vòt yo pou adopte nèt pwojè lwa sou refòm nan zafè lwaye. Mwen mande Sena a pou li adopte pwojè lwa yo jodi a. Mwen pare pou mwen siyen pwojè lwa yo si yo adopte yo. Si yo pa adopte pwojè lwa yo jodi a sa vle di yo pa kapab epi Nouyòkè yo dwe konn pozisyon yo chak pou nou kapab adopte yon nouvo lwa anvan ekspirasyon lwa sou lwaye ki genyen kounye a nan dat 15 Jen".

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)